



IMMIGRANT LEGAL ADVOCACY PROJECT

DESAMN 2020 TPS ANONS POU EL **SALVADÒ, AYITI, HONDURAS,** **NICARAGUA, NÈPAL, E SOUDAN**

Moun ki genyen TPS e ki sòti nan peyi El Salvadò, Ayiti, Honduras, Nicaragua, Nèpal, e Soudan gen otorizasyon travay otomatikman ki rive **4 Oktb 2021**. Si ou te re anregistre pou TPS nan peyi sa-yo pandan peryòd registrasyon dènye, ou genyen otorizasyon travay otomatik rive 4 Oktòb 2021.

Ou PA bezwen ranpli yon aplikasyon oubyen peye yon frè pou pèmi travay otomatik. Ou ka montre anlwayè ou-a Nòtis Rejistè Federal ki ansanm avèk lèt sa, ki prèk pèmi travay pa-w ap kontinye otomatikman rive 4 Oktòb 2021. W'ap bezwen montre kat otorizasyon travay pa-w ki sòt nan dènye peryòd enskripsyon, menm si li espire.

Si ou menm ouswa anlwayè ou bezwen plis enfòmasyon sou kalifikasyon travay ou, fè yo rele Treva DeMaynadier nan 207- 699-4410.

Kenbe yon kopi pèmi travay e yon kopi Nòtis Rejistè Federal avek ou tout tan.

Si ou gen nenpòt lòt kesyon, tanpri rele ILAP: 207-780-1593